


Dwa Ou Genyen Lè Ou Ale Nan Tribinal Illinois Yo

Kèlkeswa estati imigrasyon w, ou genyen dwa pou:



Jwenn entèprèt ak sèvis aksè lang

- ▶ Tribinal Illinois yo responsab pou bay entèprèt gratis pou moun ki itilize yon lang ki pa Anglè.
- ▶ Fè anplwaye tribinal la konnen lang ou pale a (oswa siy) ak dat, lè, ak lye dat odyans ou an. Ou ka mande yon entèprèt atravè fòmilè ki disponib sou:
➔ ilcourts.info/language-access



Jwenn fòmilè yo nan lòt lang ki pa Anglè

- ▶ Fòmilè tribinal pou tout eta a disponib sou ➔ ilcourts.info/forms, epi plizyè disponib an Espanyòl, Polonè, Arab, Chinwa, Ris, ak Koreyen. Ou dwe soumèt yo bay tribinal la an Anglè.
- ▶ Grefye sikonskripsyon yo ka bay kopi fòmilè yo epi eksplike yo, men yo pa ka bay konsèy legal.



Mande tribinal la pou anile frè yo pou ou

- ▶ Yon egzansyon frè se yon lòd tribinal la ki anile (oswa retire) frè pou yon dosye. Yon jij pral apwouve yon aplikasyon pou egzansyon frè ki baze sou sitiyasyon finansye w, men PA sou sitiyasyon imigrasyon w.
- ▶ Fòmilè egzansyon frè sivil la disponib sou ➔ ilcourts.info/fee-waiver-forms an Anglè, Espanyòl, Polonè, Arab, Chinwa, Ris, ak Koreyen. Egzansyon frè kriminel la disponib an Anglè sou ➔ ilcourts.info/crim-fee-waiver.



Mande pou asiste odyans nan tribinal la adistans (pa videyo oswa telefòn)

- ▶ Nenpòt moun ki enplike nan yon dosye tribinal ka mande pou asiste odyans tribinal la adistans, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon l.
- ▶ Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou konparisyon nan tribinal la adistans sou ➔ ilcourts.info/remote-resources. Kontakte grefye sikonskripsyon lokal ou a nan ➔ ilcourts.info/clerks pou aprann sou fason pou mande yon konparisyon adistans, oswa mande youn nan premye dat odyans ou an.



Kòmanse oswa reponn dosye tribinal la nan Illinois

- ▶ Ou pa bezwen pataje sitiyasyon imigrasyon w pou kòmanse yon dosye (pa egzanp: petisyon pou yon lòd pwoteksyon) oswa pou reponn a yon dosye (pa egzanp: defann tèt ou kont yon ekspilsyon).



Rele **Illinois Court Help** pou jwenn enfòmasyon legal ak èd pou fòmilè yo

- ▶ Illinois Court Help pataje enfòmasyon ou bezwen pou ale nan tribinal. Se yon sèvis gratis epi li pa kolekte enfòmasyon sou imigrasyon.
- ▶ Rele oswa voye yon mesaj tèks nan (833) 411-1121 oswa vizite ➔ ilcourthelp.gov